# PEDAGOGIKA ILIMLERI

## Pedagogika teoriyası hám tariyxı

## MOTOR ALALIYALÍ BALALARDA KOMMUNIKATIV KÓNLIKPELERDIŃ QÁLIPLESIWI

**Ajimova Zuxra Ganibaevna –** *assistent oqıtıwshı*
zuxraajimova@gmail.com
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

## ФОРМИРОВАНИЕ КОММУНИКАТИВНЫХ НАВЫКОВ У ДЕТЕЙ С МОТОРНОЙ АЛАЛИЕЙ

**Ажимова Зухра Ганибаевна –** *ассистент преподаватель*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

## THE DEVELOPMENT OF COMMUNICATION SKILLS IN CHILDREN WITH MOTOR ALALIA

**Ajimova Zukhra Ganibayevna** – *assistant teacher*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Tayanch so‘zlar:** motor alaliya, kommunikativ kompetensiya, nutq rivojlanishi, logopedik faoliyat, korreksion ta’lim.

**Rezyume.** Maqolada motor alaliyali bolalarda kommunikativ kompetensiyani shakllantirish muammosi ko‘rib chiqilgan. Ushbu toifadagi bolalarning nutqiy va kommunikativ rivojlanish xususiyatlari ochib beriladi, muloqotning og‘zaki va og‘zaki bo‘lmagan vositalarini rivojlantirishga qaratilgan logopedik ta’sir usullari tavsiflanadi. Kommunikativ kompetensiyani shakllantirishga kompleks yondashuv samaradorligini tasdiqlovchi korreksion ishlar natijalari keltirilgan.

**Ключевые слова:** моторная алалия, коммуникативная компетенция, речевое развитие, логопедическая работа, коррекционное обучение.

**Резюме.** В статье рассматривается проблема формирования коммуникативной компетенции у детей с моторной алалией. Раскрываются особенности речевого и коммуникативного развития данной категории детей, описываются методы логопедического воздействия, направленные на развитие вербальных и невербальных средств общения. Представлены результаты коррекционной работы, подтверждающие эффективность комплексного подхода к формированию коммуникативной компетенции.

**Key words:** motor alalia, communicative competence, speech development, speech therapy, corrective training.

**Summary.** The article examines the problem of forming communicative competence in children with motor alalia. The features of the speech and communicative development of this category of children are revealed, and methods of logopedic influence aimed at developing verbal and nonverbal means of communication are described. The results of the correctional work, confirming the effectiveness of a comprehensive approach to the formation of communicative competence, are presented.

**Kirisiw.** Zamanagóy arnawlı bilimlendiriw sisteması bala shaxsın rawajlandırıw hám onıń tabıslı sociallastırılıwına baǵdarlanǵan. Logopediyanıń aktual mashqalalarınan biri motor alaliyalı balalarda kommunikativ kónlikpelerin qáliplestiriw esaplanadı.

Motor alaliya-esitiwdiń saqlanǵan hám intellekttiń salıstırmalı saqlanǵan jaǵdayda bas miy qabıǵınıń sóylew zonalarınıń organikalıq zıyanlanıwı sebepli ekspressiv sóylewdiń sistemalı rawajlanıwınıń jetispewshiligi bolıp, bul sóylew buzılıwında balalarda aktiv sóylewdiń anıq qáliplespegenligi, sóylewdi programmalastırıw hám ámelge asırıw qıyınshılıǵı, sóz baylıǵınıń sheklengenligi, agrammatizmler baqlanadı.

Sóylew qurallarınıń jeterli dárejede rawajlanbaǵanlıǵı baylanıs procesin sezilerli dárejede qıyınlastıradı, bul bolsa balanıń sociallıq beyimlesiwine unamsız tásir kórsetedi. Usı múnásibet penen baylanısqa kirisiw, qarım-qatnastı qollap-quwatlaw, kommunikaciyanıń verbal hám noverbal qurallarınan paydalanıw qábiletin óz ishine alǵan shaxstıń integrativ sıpatı sıpatında kommunikativ kompetenciyanı qáliplestiriw ayrıqsha áhmiyetke iye bolmaqta**.** Balalar sóylewiniń keshigiwi olardıń rawajlanıwına baylanıslı mashqala bolıp, kóbinese ata-analar hám tárbiyashılar ushın qáweter tuwdıradı. Awır sóylew kemshilikleri bolǵan balalar kóbinese social ómirge maslasıwda qıyınshılıqlarǵa dus keledi. Sebebi til hám kommunikaciyanıń rawajlanıwı bala rawajlanıwınıń eń áhmiyetli tárepi bolıp olardıń sociallıq, emocionallıq hám akademiyalıq kónlikpelerine tásir etetuǵın faktorlardan esaplanadı.

Olardıń kommunikaciya kónlikpelerin rawajlandırıw, olardıń jámiyetke integraciyalasıwına járdem beredi, bul bolsa olardıń ózin tutıwı hám basqalar menen qarım-qatnas etiw imkaniyatların asıradı.

Balalar ushın bilimlendiriw procesi tabıslı bolıwı ushın, olar óz pikirlerin ayta alıwları hám basqalar menen nátiyjeli qarım-qatnas ete alıwları kerek. Sóylew kemshilikleri bolǵan balalarǵa maslasqan bilimlendiriw texnologiyaların qollaw, olardıń oqıw hám úyreniw procesin jaqsılaydı.

Awır sóylew kemshilikleri bolǵan balalar ushın qarım-qatnas kónlikpelerin rawajlandırıw tek ózlerine ǵana emes, al olardıń shańaraqlarına da unamlı tásir kórsetedi. Shańaraq aǵzaları hám jámiyet penen qarım-qatnasta bolıw imkaniyatı, balalardıń ruwxıy jaǵdayın jaqsılaydı hám o‘z-o‘zine isenimin asıradı.

**Ádebiyatlar analizi hám metodologiya.** Házirgi kúnde kommunikativ kónlikpelerin rawajlandırıw ushın jańa metodlar hám texnologiyalar islep shıǵılmaqta. Bular járdeminde awır sóylew kemshilikleri bar balalarǵa jeke qatnas jasawdı támiyinlew múmkin.

Awır sóylew kemshiligi bar oqıwshılar ushın baylanıs kónlikpesi, yaǵnıy basqa adamlar menen nátiyjeli birge islesiw qábileti, mektepke shekemgi bilimlendiriwde

áhmiyetli orın tutadı hám Ózbekstan Respublikasınıń Mektepke shekemgi bilimlendiriw mámlekeтlik bilimlendiriw standartlarında ayırıqsha kórsetilgen [1]. Usı standartlar, mektepke shekemgi bilimlendiriwdiń beyimlestirilgen bağdarlamaların (Ilk qádem) ámelge asırıw ushın zárúr bolğan májbúriy talaplardı óz ishine aladı [2].

Qarım-qatnas – shaxslar aralıq qatnas, pikir almasıw, óz ara tásir etiw hám jámiyetlik qatnasıqlardı qáliplestiriwdiń quramalı psixologiyalıq-pedagogikalıq procesi bolıp esaplanadı. Házirgi zaman pedagogikalıq hám psixologiyalıq ádebiyatlarında baylanıs túsinigi túrli avtorlar tárepinen ózine tán túrde talqılanadı.

L.S.Vıgockiy óziniń ilimiy miynetlerinde baylanıstı bala rawajlanıwında tiykarğı faktor sıpatında kórsetip, “Kommunikaciya – adam rawajlanıwınıń áhmiyetli shárti hám sonıń menen birge psixikalıq xızmettiń qáliplesiw noqatı bolıp esaplanadı” – dep atap ótken [3]. Onıń pikirinshe, qarım-qatnas balalar rawajlanıwınıń tiykarğı stimuli bolıp, miynet, oyın hám oqıw iskerligi menen birgelikte balalarda jámiyetlik qatnasıqlardı qáliplestiredi.

A.N.Leontev kommunikativlikti bılay táriyipleydi: “Kommunikaciya – bul eki yamasa onnan kóp adamlar arasında baylanıs ornatıw hám rawajlandırıw procesi bolıp, onıń nátiyjesinde óz ara mağlıwmat, tájiriybe, kónlikpe, qábilet hám háreketler nátiyjeleri almasıwı júz beredi” [4]. Bul táriyip sóylesiwdiń mánisin hám onıń shaxs rawajlanıwındağı ornın anıq belgilep beredi.

Ózbekstanlı ilimpaz R.X.Djurayev kommunikativliktiń milliy ózgesheliklerin izertlep, “Kommunikativlik – milliy mádeniyattıń quramlı bólegi hám ádep-ikramlılıq-estetikalıq qádiriyatlardı ózlestiriw mexanizmi” ekenligin atap ótedi [5]. Bul kózqaras qarım-qatnastıń tek ğana kommunikativlik emes, al mádeniy-ádep-ikramlılıq áhmiyetin de ashıp beredi.

Motor alaliyalı balalardıń psixologiyalıq-pedagogikalıq qásiyetleri tek ğana sóylew emes, al psixikalıq rawajlanıwdıń basqa táreplerine de tásir etiwshi ózgeshelikler menen xarakterlenedi. Bul ózgesheliklerdi tereń úyreniw motor alaliyalı balalar menen korrekcion-pedagogikalıq jumıslardı nátiyjeli shólkemlestiriw ushın áhmiyetke iye.

Izertlewde arnawlı mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemesiniń logopediya toparına qatnasıwshı "motor alaliya" diagnozı qoyılğan mektepke shekemgi úlken jastağı (6-7 jas) 12 bala qatnastı.

**Izertlew metodları:** psixologiyalıq-pedagogikalıq hújjetlerdi analizlew; balalardıń kommunikativ iskerligin baqlaw; sóylewdiń rawajlanıwın logopediyalıq tekseriw; pedagogikalıq eksperiment; nátiyjelerdi muğdar hám sapa jağınan analizlew.

Motor alaliyalı balalardıń kommunikativ kónlikpelerin qáliplestiriwde tómendegi metodologik podxodlarğa tayanıldı. Olar sistemalı jantasıw, shaxsqa bağdarlanğan jantasıw, iskerlikli jantasıw, sotsiodinamikalıq jantasıw, pragmatikalıq jantasıw hám kompetentlik jantasıwlar.

Motor alaliyalı balalardıń sóylesiw kónlikpelerin qáliplestiriw texnologiyaların islep shığıwda ilimiy tiykarlanğan korrekcion-rawajlandırıwshı bağdarlanıw principi, kompleksli qatnasıw principi, shańarağınıń belsendi qatnasıw principi, balanıń jas hám individual ózgesheliklerin esapqa alıw principi, motivaciyalıq támiyinlew principi, polimodal qatnasıw principi, kommunikativ bağdarlanıw principi hám social-integrativ principlerine tiykarlandı.

Izertlew úsh basqıshta ótkerildi: Anıqlaw basqıshı – kommunikativ kompetenciyanıń qáliplesiw dárejesin diagnozlaw (sóylew baslaması, qaratılğan sóylewdi túsiniw, qol háreketlerinen paydalanıw, dialogtı qollap-quwatlaw qábiletin bahalaw).

Qáliplestiriwshi basqısh – tómendegilerdi óz ishine alatuğın dúzetiw bağdarlamasın ámelge asırıw: qarım-qatnas motivaciyasın rawajlandırıw; sózlik hám sóylewdiń grammatikalıq dúzilisin qáliplestiriw; sóz dizbeklerin rawajlandırıw; dialoglıq sóylewge úyretiw; oyın, kórgizbeli hám kommunikativ-bağdarlanğan texnologiyalardan paydalanıw.

Qadağalaw basqıshı – qayta diagnoz qoyıw hám analizlew. Motor alaliyalı balalardıń motorikalıq rawajlanıwında tómendegi ózgeshelikler baqlanadı: ulıwma motorika rawajlanıwındağı artta qalıw; mayda qol motorikasınıń tómen rawajlanğanlığı; artikulyaciyalıq apparat motorikasınıń buzılıwı; aralıq artikulyaciyalıq praksistiń qáliplespegenligi; háreketlerdi rejelestiriw hám ámelge asırıwdağı qıyınshılıqlar; háreketler izbe-izligin eslep qalıw hám tákirarlawdağı qıyınshılıqlar.

Korrekciya jumısları 4 ay dawamında háptesine 3 ret ótkerilip, jeke tártipte hám kishi toparlarda shınığıwlar ótkerildi.

**Talqılaw hám nátiyjeler.** Anıqlawshı basqıshta tómendegiler anıqlandı: 75% motor alaliya sóylew nuqsanı bolğan balalarda sóylew baslamasınıń tómenligi; sózlik baylığınıń sheklengenligi; baylanıstıń jağdaylıq formalarınıń ústinligi; fraza dúziwdegi qıyınshılıqlar; sóylesiwdiń awızeki emes qurallarınan jeterli dárejede paydalanbaw.

Qáliplestiriwshi basqısh ótkerilgennen soń tómendegi nátiyjeler alındı: aktiv sózliktiń ortasha 35% ke artıwı; 67% balalarda sóylew baslamasınıń artıwı; dialoglıq sóylewdiń elementar kónlikpeleriniń qáliplesiwi; agrammatizmler sanınıń azayıwı; ózlestirilgen sóylewdi túsiniwdiń jaqsılanıwı.

Motor alaliyalı balalardıń sóylesiw kónlikpelerin qáliplestiriw texnologiyaların islep shığıwda biz tayanılğan metodologiyalıq jantasıwlar hám principler ilimiy jaqtan tiykarlanğan bolıp, olar kognitiv, emocional-ıqtiyarlı, motor hám social-kommunikativ tarawlardağı buzılıwlardı kompleksli korrekciyalaw, balanıń sóylesiw motivasiyasın asırıw, real sóylesiw jağdaylarında kommunikativ kónlikpelerdi qollanıw kónlikpelerin qáliplestiriw imkanın beredi.

Alınğan nátiyjeler motor alaliyası bar balalarda kommunikativ kompetenciyanı qáliplestiriwge sistemalı hám kompleksli qatnas jasaw shárti menen ámelge asırıw múmkin ekenligin tastıyıqlaydı. Korrekciya jumıslarınıń nátiyjeliligi tómendegiler menen támiyinlenedi: saqlanıp qalğan analizatorlarğa tayanıw; mektepke shekemgi jastağı balalardıń jetekshi jumıs túri sıpatında oyın iskerliginen paydalanıw; sóylesiwdiń verbal hám noverbal qurallarıń birlestiriw; ata-analardı korrekciyalaw procesine jedel tartıw.

Balanıń sóylew aktivligin xoshametlewshi kommunikativ rawajlandırıwshı ortalıq jaratıw ayrıqsha áhmiyetke iye.

Izertlew nátiyjeleri korrekciyalıq járdemdi erte baslaw hám sóylew rawajlanıwın balanıń ulıwma psixikalıq

rawajlanıwı sistemasına integraciyalaw zárúrligi haqqındaǵı zamanagóy ilimiy kózqaraslarǵa sáykes keledi.

**Juwmaq.** Motor alaliyalı balalarda kommunikativ kónlikpelerin qáliplestiriw logoped oqıtıwshı jumısınıń tiykarǵı wazıypalarınan biri esaplanadi. Islep shıǵılǵan hám sınaqtan ótkerilgen korrekciyalıq baǵdarlama óziniń nátiyjeliligin kórsetti hám arnawlı mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemeleriniń ámeliyatında paydalanıw ushın usınıs etiledi.

Keleshektegi izertlewlerdiń perspektivaları sóylew buzılıwınıń anıqlıq dárejesin esapqa alǵan halda kommunikativ kompetenciyanı qáliplestiriwdiń differenciallastırılǵan baǵdarlamaların islep shıǵıw menen baylanıslı boladı.

**Ádebiyatlar**

1. O‘zbekiston Respublikasi Vazirlar Mahkamasining 2020-yil 22-dekabrdagi «Maktabgacha ta’lim va tarbiyaning davlat standartini tasdiqlash to‘g‘risida»gi 802-son Qarori.
2. «Ilk qadam» maktabgacha ta’lim muassasasining Davlat o‘quv dasturi. Ilk Qadam UZB final.pdf (mpe.uz)
3. Выготский Л.С. Мышление и речь. – Москва: «Национальное образование», 2016.
4. Леонтьев Д.А. Прикладная психолингвистика речевого общения и массовой коммуникации. – Москва: «Смысл», 2010.
5. Djurayev R.X., Baymuratova M.G. Muloqot madaniyati texnologiyasi. –Toshkent: «Ma’naviyat», 2017.